

Kontra sou konpòtman elèv lekòl (Pou elèv klas 6yèm jiska 12yèm ane)

Non elèv la

Dat elèv la fèt

Klas

Mwen konnen se dwa m pou :

- Mwen viv nan yon anviwonman eskolè sandanje kote yo ankouraje m aprann san diskriminasyon, san arasman e san prejije;
- Mwen konnen sa yo rele konpòtman apwopriye, e tip konpòtman ki ka fè yo pini m;
- Espesyalis lekòl la ban m konsèy sou koze ki gen pou wè ak konpòtman m lè l twouble enstriksyon m ak byennèt nan lekòl la;
- Yo jije m memm jan ak tout elèv lè mwen vyole règleman lekòl yo ki kòz yo ranvwaye m lakay mwen oswa ki kòz yo mete m deyò nan klas la.

Mwen dakò pou mwen :

- Vini lekòl alè;
- Rive odebi nan chak kou mwen sipoze pran, epi pou m pare pou travay;
- Vini tou pare pou tout kou yo avèk founiti klasik ak devwa yo ban m fè yo;
- Respekte tout moun ki nan kominate aprantisaj lekòl la;
- Rezoud konfli san kraze brize, epi evite goumen anndan e lwen lekòl la oswa nan lokal kote y ap fè pwogram yo;
- Konpòt mwen avèk respè san di betiz, epi koopere ak manm pèsonèl lekòl la lè yo di m sa pou m fè oswa lè yo mande m yon bagay. Mwen konprann yo pral ban m posiblite di yo pwoblèm mwen yo si l nesesè lè m pa dakò ak sa yo mande m lan;
- Responsab zafè m yo, epi respekte zafè lòt moun;
- Abiye jan m sipoze abiye, e pa mete rad ki ekspoze kò m tankou ti kòsaj kout, bolero san lòt kòsaj pa anba ak tout vant deyò, bout pantalon kout, oswa ti jip kout;
- Evite mete rad ki gen siy *gang* (tankou foulà, *bandana*), epi evite itilize siy *gang*, yon seri non *gang* yo itilize, chante *gang*, mouvman *gang* ak bay lamen jan *gang* yo fè l;
- Evite pote zam, dwòg ilegal, sibstans yo pa vann san yon otorizasyon espesyal, ak alkòl nan lekòl la;
- Evite pote zafè pèsonèl ki ka mennen dezòd (tankou telefòn selilè, *beeper, pager*) nan lekòl la;
- Fè fonksyonè lekòl yo konnen enfòmasyon osijè bagay ki ka afekte sante, sekirite oswa byennèt kominate lekòl la;
- Mete paran oswa gadyen legal mwen okouran sa k ap fèt lekòl la, e asire mwen bay lakay mwen tout enfòmasyon yo ban m pote lakay mwen;
- Swiv tout règleman Disiplin kòd yo;
- Konpòt m byen jan l make nan Pwojè Lalwa sou dwa ak responsabilite elèv.

Mwen resewwa yon kopí **Kòd disiplin lan ak Pwojè Lalwa sou dwa ak responsabilite elèv**, e mwen konprann kontra sa a. Mwen dakò pou respekte règleman sou konpòtman elèv.

Non elèv la : _____
(Tanpri ekri an lèt enprimri)

Siyati : _____

Dat : _____

{Seksyon pou paran konplete}

Mwen resewwa yon kopí **Kòd disiplin lan ak Pwojè Lalwa sou dwa ak responsabilite elèv**, e mwen konprann jan nou mande pou pitit mwen an konpòt l.

Mwen dakò pou m ede pitit mwen an respekte kontra sa a, pou m :

- Ankouraje l gen konpòtman yon moun ki poze e ki gen respè pou lòt moun nan kominate lekòl la.
- Diskite avèk pitit mwen an osijè Kòd disiplin lan e osijè Pwojè Lalwa sou dwa ak responsabilite elèv.
- Patisipe nafdn tout desizyon ak diskisyon k ap fèt osijè edikasyon pitit mwen an
- Ale nan randevou mwen genyen avèk manm pèsonèl lekòl la
- Bay lekòl la nimewo telefòn mwen genyen kounye a ak enfòmasyon sou moun pou kontakte lè gen ijans
- Fè lekòl la konnen si sante pitit mwen an chanje seryezman, oswa si eta jeneral li ka afekte jan li travay lekòl.

Non paran oswa gadyen legal : _____
(Tanpri ekri an lèt enprimri)

Dat : _____

Siyati paran oswa gadyen legal : _____

Kontra sou konpòtman elèv (Klas Jadandanfan jiska klas 5yèm ane)

Non elèv la

Dat elèv la fèt

Klas

Mwen konnen se dwa m pou :

- Mwen viv nan yon lekòl kote pa gen diskriminasyon e kote mwen santi m ansekitre, san arasman e san prejje;
- Mwen konnen tip konpòtman ki akseptab e tip konpòtman ki ka fè yo pini m;
- Manm pèsonèl lekòl la konseye m sou konpòtman mwen e di m jan l'afekte edikasyon ak byennèt mwen nan lekòl la;
- Yo jije m menm jan ak tout elèv lè m vyole règleman lekòl yo ki fè yo ka ranvwaye m oswa mete m deyò nan klas la.

Mwen dakò pou mwen :

- Vini lekòl alè avèk èd paran mwen yo tou pare pou m travay;
- Emab e pale jantiman ak moun;
- Patisipe nan reyinyon klas ak komunitate a ap fè pou mete ann evidans byenveyans ak koutwazi yon moun e pou fè konnen èd li pote;
- Rezoud pwoblèm nan lapè e di sa m panse;
- Abiye ak rad pwòp, byen pase e apwopriye;
- Pwoteje zafè pèsonèl mwen yo, e respekte zafè lòt moun;
- Fè paran m yo konnen sa mwen aprann lekòl chak jou;
- Fè tout devwa mwen yo chak jou, e mande paran m oswa gadyen m kontwole yo;
- Respekte règleman Kòd Disiplin yo.

Mwen diskite ak paran mwen yo osijè bagay sa yo, epi mwen dakò pou respekte kontra sa a.

Non elèv : _____
(Tanpri ekri an lèt enprimri)

Siyati : _____

Dat : _____

{Seksyon pou paran konplete}

Mwen resevwa yon kopi **Kòd Disiplin** lan ak **Pwojè Lalwa sou dwa ak responsabilite elèv**, e mwen konnen jan nou mande pou pitit mwen an konpòte l.

Mwen konnen ke lè m patisipe nan edikasyon pitit mwen an, sa pral ede l gen plis siksè lekòl. Mwen li kontra sa a, epi mwen pral fè tout sa m kapab pou mwen ka pran responsabilite sila yo.

- Ankouraje pitit mwen an gen konpòtman yon moun ki poze e ki gen respè pou lòt moun nan komunitate lekòl la.
- Diskite avèk pitit mwen an osijè Kòd disiplin lan ak Pwojè Lalwa sou dwa ak responsabilite elèv.
- Patisipe nan konferans pou paran, nan pwogram klas yo ak nan lòt aktivite pitit mwen an ap patisipe.
- Asire m pitit mwen an rive lekòl alè chak jou.
- Bay pitit mwen an yon kote trankil pou li fè devwa l yo.
- Pran omwen 15 minit chak jou pou li ak pitit mwen an.
- Koute lè pitit mwen an ap rakonte sa ki pase lekòl la.
- Bay lekòl la nimewo telefòn mwen genyen kounye a ak enfòmasyon sou moun pou kontakte lè gen ijans
- Fè lekòl la konnen si sante pitit mwen an chanje seryezman, oswa si eta jeneral li ka afekte jan li travay lekòl.

Non paran oswa gadyen legal : _____
(Tanpri ekri an lèt enprimri)

Dat : _____

Siyati paran oswa gadyen legal : _____